



Math Mania

Ale nan yon Chas an Ron e Mezire li pou Pi


Premyèman, ale nan yon **Chas an Ron** otou de lakay ou. Gen sèk tou otou de nou! Konbyen sèk ou kapab jwenn? Eske ou kapab jwenn 10 sèks lakay ou? E sèk ki deyò? Ki pi gwo sèk ou kapab jwenn? Pi piti?

Apre, mezire li pou **Pi**. Pi se yon konstan matematik ki se pwopòsyon okenn sikonferans yon sèk a dyamèt li. Kelkeswa sèk ke ou mezire w'ap toujou jwenn 3.14, ki se Pi.



Kisa ke ou bezwen:

- Yon sèk pou mezire. Se kapab yon mamit oubyen yon boutèy. Nenpòt bagay ron ap mache! Eseye jwenn diferan sèk ak diferan gwosè.
- Fil
- Règ
- Kalkilatris



Kisa pou fè:

1. Chwazi yon sèk nan Chas pou Sèk ou an.
2. Mezire **sikonferan** sèk ou an. Sikonferans lan se distans otou de sèk la. Ou kapab mezire li si ou vlope yon fil otou de sèk la epi mezire fil lan.
3. Mezire **dyamèt** sèk ou an. Dyamèt lan se distans a travè de sèk la. Sèvi ak fil lan oubyen règ lan pou kapab mezire de yon bò sèk lan a lòt bò an.
4. Pou jwenn Pi, divize sikonferans lan pa dyamèt lan. Li oke pou sèvi ak yon kalkilatris Kelkeswa sèk la, w'ap jwenn 3.14!